# VIII. ТРАНСПОРТ

**Жүк тасыў.** 2018 жыл январь-июньда барлық транспорт түрлери тәрепинен 11,4 млн. тонна жүк тасылған болып, бул өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 99,4 пайызды қурады.

Жүк айланбасы барлық транспорт түрлери тәрепинен 269,4 млн. тн.-км.ди қурады ҳәм 99,3 пайызға өсти.

**Транспорт түрлери бойынша жүк тасыў ҳәм жүк айланбасы көлеми**

| | *2018 жыл январь-июнь* | *2017 жыл январь-июньға салыстырғанда пайыз есабында* |
|---|---|---|
| Тасылған жүк, *млн. тн.* | 11,4 | 99,4 |
| *соннан:* | | |
| автомобиль транспортында | 11,4 | 99,4 |
| Жүк айланбасы, *млн. тн-км.* | 269,4 | 99,3 |
| *соннан:* | | |
| автомобиль транспортында | 269,4 | 99,3 |

Жеке тәртиптеги исбилерменлердиң автомобиль транспортының жүк айланбасы 2017 жыл январь-июньға салыстырғанда 101,4 пайызға өсти ҳәм 202,1 млн. тн-км.ди қурады. Жүк айланбасының улыўма көлеминде жеке жүк тасыўшылардың үлеси 90,1 пайызды қурады (2017 жыл январь-июньда 87,1 пайыз).

**Жолаўшы тасыў.** 2018 жыл январь-июньда барлық транспорт түрлери тәрепинен 60,4 млн. адам тасылған болып, бул көрсеткиш өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 103,2 пайызға өскен. Жолаўшы тасыў айланбасы усы дәўирде 102,5 пайызға көбейип, 1832,8 млн. жолаўшы-км.ди қурады.

## Транспорт түрлери бойынша жолаўшы тасыў ҳәм жолаўшы айланбасы

| | *2018 жыл январь-июнь* | *2017 жыл январь-июньға салыстырғанда пайыз есабында* |
|---|---|---|
| Транспортта тасылған жолаўшылар, *млн. адам* | 60,4 | 103,2 |
| *соннан:*автомобиль транспортында | 60,4 | 103,2 |
| Жолаўшы айланбасы, *млн. жолаўшы-км.* | 1832,8 | 102,5 |
| *соннан:*автомобиль транспортында | 1832,8 | 102,5 |

Жеке жолаўшы тасыўшылар автомобиль транспортында жолаўшы айланбасы 2017 жылдың январь-июнына салыстырғанда 102,5 пайызға өсти ҳәм 1778,8 млн. жолаўшы-км.ди қурады. Жолаўшы айланбасының улыўма көлеминде жеке жолаўшы тасыўшылардың үлеси 97,1 пайызды қурады (2017 жыл январь-июньда 97,1пайыз).

### 2018 жыл январь-июнь жағдайына транспорт хызметиниң тийкарғы көрсеткишлери

